

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 70
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorewa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°786 1 Ntwarante 2023

Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorero

12. Twubakiye rero ku masezerano y'ubumwe, ari nayo duhimbaza uyu musu kuko yatubereye umuhivu udacika, utwungira ubumwe.

Ayo masezerano yabaye kuko abarundi badohotse kw'iragi rya basokuru, bihweje ukuntu ubwicanyi bwama bwisubiriza uko bukeye uko bwije kandi butunganwa n'abari kubanguranya.

13. Mu bintu vyatosekaje

ubumwebw'Abarundi, hariho ubwa mbere intwara za bakavamahanga baje baducanishamwo, kugirango biborohere gushika ku ntumbero yo kunyaga itunga ry'Uburundi.

Ivyo babigize kuko bari babonye ko abarundi bakunda igihugu cabo, atawokibanyaga, bafatiye kukugene bagwanije Rumaliza n'ingabo ziwe bashaka gutwara abarundi ngo babagire abagurano.

Abarundi barahagaze nk'

umugabo umwe, bararahirira bararengwa ko ata murundi n'umwe abavamwo.

14. Babigize kandi babonye ingene abarundi, kubera umutima wo gukunda igihugu bahanganye n'intwaramiheto z'abadagi imyaka ishika indwi igahera abadagi batarafata igihugu kandi bakoresha ibigwanisho bicira umuriro abarundi bakoresha amacumu n'imiheto.

15. Bamaze kuduca mw'i-

mice, baratwankishije uburundi mu kutwambura kwitwa abarundi, tukitwa abahutu, abatwa n'abatutsi.

Umurundi ntiyari akibona uwundi murundi nka mwenewabo, yari azi ko mwenewabo ari uwo basangiye umugwi gusa. Mvuze umugwi kuko mu vyukuri gushika n'ubu ndashinga intahe kandi ndavyemanga ko ata bwoko bwinsi buri

Soma ku Rup. 8

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

Abamenyeshamakuru:

* **A. Noël NTIRANDEKURA**

* **Mélance NDAYIKEZE**

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Uwujejwe ubuhinga:

* **Chanel HARINGANJI**

Umunyamabanga:

* **MSV Marie Goreth NDIKUMANA**

Umunyabigega:

* **MSV Nadine HARAGIRIMANA**

Uwujejwe imigenderanire:

* **J. de Dieu NDIKUMANA**

Uguhimbaza Umunsi w'Imana

Basomyi ba Ndongozi, tube turazirikna mu gusoma inyigisho ya Nyenubweranda Papa Yohani Paulo wa II, yise «Umunsi w'Umukama», mu gutegeza ico uwo munsi usigura n'ico natwe udusaba.

Iyo nyigisho iri mu bigabane bitanu : ikigabane ca mbere kivuga Umunsi w'Umukama ni uguhimbaza igikorwa c'Umuremyi ; ica kabiri ni Umunsi wa Kristu ; ica gatatu, Umunsi w'Ekleziya ; ica kane, Umunsi w'umuntu ; ica nyuma

naco ni « Uzohoraho ».

Tuzoza turabashikiriza igice kimwe kimwe mu ntumbero yo gutahura neza icari co Umunsi w'Umukama » canke « umunsi w'Imana ». ukubitahura nakwo bisaba kutitiranya « guhimbaza umunsi w'Imana n'impera z'indwi yitiranywa n'umwanya w'akaruhuko gasanzwe.

Ubwa mbere: Umunsi w'Umukama, uguhimbaza igikorwa c'Umuremyi

« Vyose vyaremwe nawe » (Yoh.1,3)

Umunsi w'Imana imbere ya vyose ni « Umunsi mukuru wa Pasika » umurikirwa n'umuco wa Kristu yazutse. Ni ihimbazwa ry'iremwa rishasha. Ni co Inyandiko nyeranda zitangurirako mu kushikiriza igikorwa c'Imana mw'irema ry'isi n'ibiri kuri yo vyose.

Niba ari vyo ko igihe gishitse Imana yaturungikiye Umwana wayo,

Soma ku Rup. 5

Ibirimwo

o Umuryango ni ikibanza ca mbere cigishirizwamwo Inkuru Nziza.....4

o Mama anjela GIHUGUNIBENGA yaraye arengutse i Bukama.....6

o Amategeko y'akazi akwiye gukurikizwa no mu mashirahamwe yo gucungera abantu n'ibintu.....7

o Uburenganzira bw'abakenyezi bapfuzwe.....10

Idominika ya mbere y'Ikarema : Umwaka A

Igisomwa ca mbere : Amamuko : 12,1-4

Ivyo dusoma mu gitabu c'Amamuko :

(Ihamagarwa rya Ibrahimu, se w'igihugu c'Imana)

Umukama yabwiye Abrami ati : « Va mu gihugu c'amavukiro yawe, uhebe umuryango n'itongo rya so, uheze ugende mu ntara nzokwereka. Nzokugira sekuru w'abantu benshi cane, nzoguhezagira nongere nubahirize izina ryawe kuko rizobera bose isoko ry'umugisha. Nzohezagira abo bose bazoguhezagira, nzocinyiza abazokuvuma. Imiryango yose yo kw'isi izohezagirwa kubwawe. » Abrami rero araheza agira nkuko Umukama yari yabimutegetse, yimukana na Loti.

Igisomwa ca kabiri : Timote : 1, 8b-10

Ivyo dusoma mw'ikete rya kabiri Umutumwa Paulo yandikiye Timote :

(Imana iratwakurira ibanga ryeranda)

Mukunzi wanje :

Rinda hamwe nanje ya magorwa ubona kubera inkuru nziza, uhagarikiwe n'ubukomezi bw'Imana, Yo yaturokoye, igatako ikatwakurira ibanga ryeranda; iryo banga ntitwarironse turicishije ibikorwa vyacu, yariduhaye k'ugushaka kwayo n'ubwiza bwayo. Ubwo bwiza twari twabuhawe muri Kristu Yezu imyaka itaratangura. Nibwo kandi bumenyekana mw'iseruka ry'Umukiza wacu Kristu Yezu, we yatsinze urupfu akamenyekanisha ubuzima n'ubudapfa kubera ya Nkuru nziza.

Tuzirikane: Uyu ni Umwananje nkunda cane nimumwumvirize

Bavukanyi dusangiye ukwemera n'umuryango muri Yezu Kristu, kuri uyu muni w'Imana ugiye kabiri wo mw'ikarema, turiko turabandanya rwa rugendo ku muni wa gatatu w'iminyota, aho twinjira icese mu kiringo c'Ikarema.

Mu gisomwa ca mbere

twumvise ingene Ibrahimu (muri iki kigabane yari acitwa Abrami) yitaba umuhamagaru w'Umukama agafata urugendo. Tumwita mbere sekuru wacu mu kwemera kubera iyo nyifato rurangiranwa mu kwemera Ijambo ry'Imana, ryo risa ryamufashije gufata ingingo itoroshe. Ntiyo-

Inkuru nziza : Matayo: 17, 1- 9

Kristu, urakaninahazwa, Wewe Jambo ryamaho ry'Imana nzima.

- Muri ca gicu gica ibikeke, ijwi rya data rirumvikana riti: " Uyu ni umwananje nkunda cane; nimumutege amatwi!"

Kristu, urakaninahazwa, Wewe Jambo ryamaho ry'Imana nzima.

Ivyo dusoma mu Nkuru nziza nkuko twayshikirijwe na Matayo :

(Mu maso hiwe hakaka nk'izuba)

Haciye imisi itandatu, Yezu ahitana Petero, Yakobo na mwenewabo Yohani, abadugana ku musozi murumuna, ahiherereye. Araheza arahinduka imbere yabo, mu maso hiwe harakaka nk'izuba, impuzu ziwe na zo zica ibibatsi nk'umuco. Baza babona Musa na Eliya barababonekeye, bariko baraganira na Yezu. Petero rero abwira Yezu ati: «Mukama, birahimbaye ko twibera ngaha. Ubishatse, nohagira insago zitatu, rumwe rwawe, urundi rwa Musa n'urundi rwa Eliya.» Akiriko aravuga, haza igicu gikayangana kirabatwikira, hanyuma ijwi riva muri nya gicu rivugara riti: «Uwo ni Umwana wanje nkunda, ampimbara, nimumwumvirize!» Nya bigishwa bumvise iryo jwi barahundagara, bagira ubwoba bwinsi.

Hanyuma Yezu arabegera, arabakorako ababwira ati: «Ve hasi kandi reke gutinya!» Na bo bararamuye amaso, ntihagira uwundi n'umwe babona atari Yezu, we gusa.

Bariko baramanuka bava kuri nya musozi, Yezu abategeka ati: «Ntihagire n'umwe muzobwira ivyo mwabonye, Umwana w'umuntu atamaze kuzuka ava mu bapfuye.»

roshe kubera iki? Kubera ko nkuko twavumvise, gukurikira Imana bijana no guheba, no kuvavanura na kamere ka muntu: « Va mu gihugu c'amavukiro yawe, uhebe umuryango n'itongo rya so, uheze ugende mu ntara nzokwereka.»

Kugira ufate urugendo,

utegerezwa kuva ahantu, ukahaheba. Ntawushobora gufata urugendo yicaye. Ng'ico ikintu gikunda kutugora. Kenshi turifuza gukurikira Imana, ariko tugashaka ko twoyikurikira nkuko tubishaka, tugashaka ko Imana ishira mu ngiro ugushaka kwacu,

Tuzirikane: Uyu ni Umwananjanje nkunda cane nimumwumvirize

(Bitangurira ku rup.2)

mbere tugashika naho dushaka kuyitwara mu gipfunsi, tukigira utumana iyaturemye nayo tukigira igikoresho, imigambi y'Imana tugashika kuyigira iyacu. Iyo si yo nyifato y'uwemera ko vyose abikesha Imana.

Ibrahimi ntiyari gushobora kwiyadukiza ngo afate agahinga atazi ico atumbereye. Iyo nzira yayifashe kuko azi ko atashobora kugwa mu kaga ahagarikiwe n'Imana. Ng'uko ukwemera. Ntikuva ku vyiyumviro vyo mu bwenge naho ubwenge budufasha gutegera ukwemera kwacu, kuva nyabuna kutegera no kuzirikana ubuzima tukamenya ahari uburaro n'uburamuko bwacu, naho nta handi atari mu Mana, yo soko ry'ivyiza vyose.

Kandi twumvise ko inyifato ibereye uwemera nk'ya Ibrahimi ari yo ituzanira imihezagiro n'icubahiro, mbere igatuma tuba n'isoko ry'imihezagiro no ku bandi: "Nzokugira sekuru w'abantu benshi cane, nzoguhezagira nongere nubahirize izina ryawe kuko rizobera bose isoko ry'umugisha. Nzohezagira abo bose bazoguhezagira, nzocinyiza abazokuvuma. Imiryango yose yo kw'isi izohezagira kubwawe.»

Ukwemera Imana rero ni ugukurikira inzira itweretse ni iteka rihambaye. Ng'iyi intambwe dukwiye kwigira inama yo gutera muri uru rugendo rutujana kuri Pasika.

Mu gisomwa ca kabiri, Paulo mweranda abandanya ashimangira ico ciyumviro mu kuremesha umukunzi wiwe Timote ngo na we nyene akomeze urugendo rutoroshe rwo kumenyesha Inkuru nziza. Nka kumwe ko mu gisomwa ca mbere, n'ubu nyene ni ubutumwa busaba utwigo twinshi, guheba ibitari bike no kwitwaririka ko Imana yomenyekanana mu bantu.

Ariko no ngaha nyene Paulo mweranda aratubwira ko ubwo butumwa atari umugambi w'umutumwa, ko tuburangura dufashijwe n'ubukomezi bw'Imana kuko ahandi ho nta n'ico twokwimarira, ko ubutumwa dukora ari ibanga ryeranda Imana yadusangijeko ni ukuvuga ko igikorwa c'Imana dutereramwo umuganda na honyene ku rugero Imana iduhaye. Paulo mweranda ati: Iryo banga ntitwarironse turicishije ibikorwa vyacu.

Bagenzi, tugabe kandi duhindure ingendo kuko kenshi turigira ibihangange, ibikorwa vy'Imana tukavyiyitirira, kandi kenshi iyo bigenze uko bica bidupfana; natwe tugapfana intuntu n'imyidogo ngo vyatunaniye, ukamenga ni ivyacu, mbere n'amagorwa agaca aba menshi.

Ese twogira iteka ryo kugira amagorwa kubera Inkuru nziza n'Umukama Yezu ubwiye, ariko yahavuye atsinda urupfu kuko atigeze ahemukira umugambi w'I-

mana. None ubwo natwe turi muri iyo nzira?

Mu nkuru nziza niho rero Umukama azaturira abatumwa biwe Petero, Yohani na Yakobo ku buninahazwa bw'iyantsinzi yiye kugira babe baramenya iyo batera baja n'ingene bokomeza urugendo.

Abo batumwa batatu bakunzwe kwitwa ba somambike b'Umukama kuko dukunda kubasanga mu kanywababo hamwe na Yezu mu bihe bihambaye: agiye kuzura umwa wa Yairo, mu maganya y'i Getsemani.

Muri iki kigabane co kwihindura, tugerageza kwihweza ibintu bimwe bimwe.

Ica mbere: abo batumwa Yezu niwe yabihereranije, sibo bamukurikiye.

Murumva ko no ngaha nyene, intambwe ya mbere ari Umukama Yezu yayifashe, kandi kujana umuntu mu mwihere-ro ni ukuvuga ko aba ahawe icubahiro kandi haba hagira habe ibintu bihambaye.

Ubwa kabiri: umwanditsi Matayo atunbwira ko yabajanye ku mutumba muremure, ni ukuvuga ahantu habona kuko ubuninahazwa bw'Imana butanyegezwa. Aha rero duca twumva ko naho uwo mubonano wa Yezu n'abo batumwa, udakwiye kugarukira kuri bo gusa, ariko ko werekeye abantu bose bashobora kuwakira.

Ubwa gatatu: iboneka rya Musa na Eliya ryerekana ko ubuninahazwa bw'Imana bugiye kurangukira muri Yezu Kristu bwateguwe n'Imana kuva kera ibicishije mu mategeko ya Musa no ku bahanuzi baserukiwe ngaha na Eliya.

Ubwa kane: twumvise ko Petero yihuta gusaba ko ikibanza c'ubuninahazwa cokwubakwamwo insago zitatu, urwa Yezu, urwa Musa n'urwa Eliya. Arihuse koko, kuko n'ubundi biramunaniye kurindira ingingo y'Imana, ashaka kuba ari we atanga amategeko imbere y'ibigirwa imbere y'ukwumviriza Ijambo ry'Imana. Twohava twibaza ngo yashaka kwubakira Imana insago naho na vyo nyene vyari kumugora, ariko nyabuna yarikunda cane kuko yivugiye ati: "Hano hantu hatumereye neza!"

Yipfuzwa kuronka aho atsimbatarira aho gukomeza urugendo rwo ku musaraba. Twese turazi ingene inyuma y'aho Petero yahavuye ashaka gutesha umurongo Yezu ngo ntatumbere umusaraba, mbere agashika naho amwihakana gata-tu yikurikiranya. Emwe ivyo biradushikira nka twese ariko rero Imana ntiteba kudukosora idusaba kwumviriza ijwi ry'Umwana wayo no kuva hasi tugakomeza urugendo ata bwoba.

Umuryango ni ikibanza ca mbere cigishirizwamwo Inkuru Nziza (Ibikurikira)

Nk'uko mumaze imisi mubibona mu manomero ya 784 na 785, twabashikirije inyigisho zatanzwe na TUYISENGE Théon hamwe na patiri FUPI Felix.

Inyuma y'izo nyigisho twahavuye twegera Patiri Savino NDEREYI-MANA arongoye ikigo kijejwe ubutumwa bw'abalayike, ingo hamwe no gukingira ubuzima, arakenguruka ingene ivyo ibikorwa vyagenze, agakenguruka ka-ndi ingene bariko bararangura neza ibikorwa iyo bahegereye mu madi-yoseze atandukanye barimwo agize uburundi.

Nk'uko abivuga, icyumviro shimikiro c'uwo musu kikaba ari naco civugo bazogenderako uyu mwaka, bafatiye ku cyumviro catanzwe n'i-

nama nkuru y'Abepiskopi Gatorika b'i Burundi kivuga giti : « Twijukire ubutumwa bw'ingo, urugo rube Ekleziya yo kuziko ».

Ivyo bavuyumviriyeye uko kuko mu rugo ariho ubuzima buhera. Mu rugo ku ziko, niho abantu bigira gukundana, kugirirana ikigongwe, gukunda ibikorwa, niho bigira gusenga, niho haheza ubushingantahe n'ubupfasoni bw'ibanga, ...

Ati : « Imbuto itewe niyo imera ». Arahamagarira cane ingo kutahafyinatira kuko vyose bipfira mu rugo. Asaba abubakanye guha kenshi ikiyago abana babo mu ntumbero yo kububahura niho bashobora kumenya ibibagoye, ivyo bigafasha n'abantu kuko kenshi bafatira akarorero ku bavuyeyi



Foto: Chanel HARINGANJI

babo. Arangiza asaba abavyeyi kuzirikana ibanga batoranye kuko kwubaka si ibirori, kwubaka ni umuhamagararo.

Bavyeyi bera ivyirore abana banyu birabamwo kuko Inka ikamwa ico yariye.

Musenyeri Salvator NICITERETSE arongoye ikigo kijejwe ubutumwa bw'abalayike, ingo hamwe no gukingira ubuzima mu nama y'Abepiskopi, avuga ko bariko barategura ihwaniro ku rwego rw'igihugu rizerabira ha-mwe ivy'ingo n'imiryango, rikazohuza ingo 250 zizoba zaserukiye ama paruwase 250 agize Uburundi. Ba-kazohurira mu kigo ca Foyer de charité kuva kw'igenekerezoro rya 22 Ruheshi 2023 gushika kuwa 25 Ruheshi 2023.

Agahamagarira abari bitavye ihwaniro ry'uwo musu gufata nkama ivyo barabiye hamwe uwo musu, ntibigire sindabibazwa barondere umwana wo kuvyicarira niho bazoshika kubikomeye.

Tubamenyeshe ko iyo nama yama iba 3 mu mwaka. Ivyirwa vy'uwo musu bikaba vyari bishimikiye ahanini ku kura-bira hamwe ivyo baranguye mu mwaka uheze wa 2022 ushira 2023, ivyo navyo bikaba vyari bishimikiye ku butumwa bw'abalayike, imihari, ubutumwa bw'ingo no gukingira ubuzima hamwe no gutanga ivyo bazoshimikirako muri uyu mwaka wa 2023 ushira 2024.

Chanel HARINGANJI



Foto: Chanel HARINGANJI

Uguhimbaza Umunsi w'Imana

(Bitangurira ku rup.1

ni navyo ko kubw'ico kinyegezwa c'Umwana yamyeho wa Data ko ari nawe tangurira n'herezo rya vyose. Ni co Yohani, mu ntango y'Inkuru nziza yiwe yemeza agira ati : « Vyose vyaremewe kuri we, nta na kimwe mu biriho caremwe atarimwo » (Yoh 1 ;3).

Na Paulo mweranda, mu kwandikira abakolosi, aravyerekana avuga ati : « Muri We niho vyose vyaremewe ivyo mw'ijuru n'ivyo kw'isi, biboneka n'ibitaboneka... vyose niwe yabiremye, abirema avyiremera. » (Kol 1 ;16).

Ukwibonekeza kwa kristu mu gikorwa c'irema kurangukira mu kinyegezwa ca Pasika, aho Kristu yazutse ari we atangurira bose bapfuye, agatangura atyo irema rishasha, ukugururira inzira ivyo azohereza ubwiwe mw'ihindukira ryiwe ry'ubuninahazwa, aho azoshikiriza ubwami Imana Se wiwe...kugira ngo Imana ibe vyose muri bose (1Kor 16 ;20.24.28).

Ivyo bibonekera kandi mw'isozerwa ry'igikorwa c'Imana : « Imana isozeru ku musu ugira indwi igikorwa yari yagize, ku musu ugira indwi iraruhuka, ireka ivyo yariko irakora vyose. Imana irahzagira umusi ugira indwi, iwugira mweranda, kuko kuri uyu musu ari ho yaruhutse igikorwa cose yo nyene yari yagize mu kurema. » (Amam 2 ;2-3).

Kuva ubwo riba ivukira ry'ISABATO ryame-

nyesha ubwuzure bwa mbere, bumenyeshya ku buryo ubwari bwo bwose, umunsi uhezagiye w'Ubwuzure Bushasha kandi buzohoraho.

Iyo mvugo « AKARUHUKO K'IMANA » ni akaruhuko Imana yaha abantu, igisata cayo aho cari mu rugendo rugishikana mu ntara cari cemerewe (Ihunguka 33,14 ; Am 3,20 ; Zab 95,11) gafatanywa mw'isezerano rishasha nk'umuco mushasha w'akaruhuko k'isabato kazohoraho, aho Kristu yinjijemwo rimwe rizi-ma kubw'izuka ryiwe, (Ihunguka 4,9), natwe nyene kubw'ubugamburutsi bwiwe, duhamagariwe kukinjiramwo (Abahaburayo 4,5-16).

Ukuruhuka kw'Isabato kugenewe igihugu c'Imana kuko uwinjiye mu buruhuko bwayo abaruhutse nawe nyene ibikorwa vyiwe nk'uko Imana yaruhutse ivyayo.

Kugira ngo tunyurwe ugusumbirije n'inyigisho yerekeye Isabato, nitwinyire mu ntimatima y'ico ari co 'Umunsi w'Imana' dusome kandi kenshi ibisomwa vyerekeye irema. « Mu ntango, Imana yaremeye ijuru n'isi. » (Amam 1,1)

Umwanditsi w'icivugo c'irema arerekana uko umuntu atangarira ivyaremwe vyose maze akavyura n'agatima ko gusenga Uwakuye vyose mu busa.

Ni ishimagizwa ku waremeye vyose, We Musa Mukama yatsinze ibigi-

rwamana vyose agahingura isi ibereye ijisho ; ni indirimbo yerekana ubuntu bw'Uwaremye n'ukuboko kwiwe Rubashavyose eka no ku kigongwe ciwe, « Yo ibona ko vyose ari vyiza ».

Isi yari nziza iyo ija kuguma uko yari iri kuva ikiremwa ; ariko yandujwe n'igicumuro, izosubira kuba nziza na none ifashijwe n'Inema y'Imana, niyemera kuyigarakako we yayigize.

Bibiriya itwereka ko umuntu yaremwe asa n'Imana mu gashusho kayo, uko yitandukanije n'Umuremyi, akiyambura ako gashusho, gutyo akinjira mw'isi yuzuye umwijima w'igicumuro n'urupfu (Am 3).

Yavuye mu maboko y'Imana, iyo si nziza kandi batangarira ikeneye ko irimwa, igatezwa imbere. Imana, mu gusozera igikorwa cayo, yahaye umuntu ububasha bwo gutangura gukora nawe iciwe.

Igikorwa c'Imana cabaye akarorero k'igikorwa umuntu azokora kuko atahamagariwe « kuba » kw'isi gusa, yahamagariwe ariko no « kuyubakaka » yifatanije n'Imana Muremyi. Uko ikete rya Papa ryitwa « Laborens exercens » riti : « Ibigabane vya mbere vy'igitabu c'Amamuko, ni inkuru nziza ya mbere iha agaciro igikorwa ».

Ni ukuri kandi kwemejwe n'Inama Nkuru ya Vaticano II, aho igira iti : « Umuntu yaremwe mw'ishusho ry'Imana,

yaronse ubukuru n'ububasha bwo kugaba no kuganza ibiri kw'isi vyose mu butungane no mu bweranda, atibagiye ko Imana ari Muremyi wa vyose, akayiyegurira kandi akayihereza vyose, ku buryo naho vyose vyagabiwe umuntu, izina ry'Imana rininahazwe kandi rishimagizwe mu biremwa vyayo vyose ».

Amajambere n'iterambere biri kw'isi uyu munsi, mu bisata vy'ubuzima vyose ni « ICAMWA » c'ubutumwa Imana yashinze umuntu ngo yuzure isi yongere ayagarurire mu gukora no mu kugendera ibwirizwa ryayo.

Kw'Isabato, Umuremyi yaruhutse mu kanyamuneneza

Uko mu ntango igitabu c'Amamuko kibivuga, 'igikorwa' c'Imana cabaye akarorero k'umuntu, n'akaruhuko kiwe niko k'uko.

« Ku munsi ugira indwi, Imana yarasozeraye igikorwa yari yagize, hanyuma ku munsi w'indwi iraruhuka imaze kurangiza igikorwa cayo ».

Akaruhuko k'Imana ntikobonwa nkuko ume-nge Imana 'yabuze ico ikora', yabaye inderamboko. Imana ntiyigera irera amaboko, yama iriko irakora, nkuko Yezu azobitwibutsa mu kudusigurira isabato, ati : « Dawe ntasiba gukora, na jewe nyene ndakora » (Yoh 5,17).

Biracaza

Ivyiyumviro bikuru bikuru vyavuye muri « Dies Domini », Inyigisho ya Papa Yohani Paulo wa

Mama anjela GIHUGUNIBENGA yaraye arengutse i Bukama

Ababikira b'Umushaha utartyoye wa Bikira Mariya, ari bo "Bene Mariya" baraye babuze umuvukanyi Mama Anjela Gihugunibenga.

None uyo Mama Angela GIHUGUNIBENGA ni nde?

Mama Angela GIHUGUNIBENGA ni mwene Gihugunibenga na Basanze. Yavukiye ku musozi MUYANGE, muri Paruwase MUSENYI, Diyoseze ya NGOZI mu 1954.

Yabatirijwe muri iyo Paruwase itariki 09/4/1966, Ikonfirmasiyo ayihabwa 29/6/1966.

Aho yize amashure

Amashure mato yayize i MUSENYI, ashishikarira muri Ecole Ménagère i GISANZE aho yaronse urupapuro rw'umutsindo rw'umyaka 3 mu 1971, aca aja gushishikara amashure mw'Ishure Nderabamenyeshamana i BUSIGA, na ho nyene bamuha urupapuro rw'amashure yize mu 1974. Aca aja kumenyesha Imana i KARUSI imyaka 2.

Ubuzima bwiwe muri Bene Mariya

Yahavuye yinjira mw'irerero rya BENE MARIYA, hanyuma mu 1980 agira Indagano za mbere z'Ubwihevyi.

Abarongoye Umuryango baramurungitse kwongerako umwaka mw'Ishure Nderabigisha ry'i BUSIGA, aca aharonka urupapuro rw'umutsindo D4.



Ubwo nyene ahejeje, bamurungika gukora ubutumwa mu mashure mu Nderabigisha mu RUYIGI no kuri Ecole d'Art y'i GITEGA nk'umunyabigega.

Inyuma y'aho yaracishijemwo arafasha abigeme baba muri Home NGAGARA i Bujumbura, ahamara imyaka 2.

Indagano burundu z'Ubwihevyi yazishikirije mu 1989.

Avuye i Gitega bamurungitse i Bujumbura kuba Umunyabigega (Comptable) mu ruganda rw'iyandikiro ry'ibitabu « Preses LAVIGERIE » kuva mu 1988 gushika mu 2010.

Emwe abari bamwegereye canke abo bari basangiye ubutumwa canka abo babana mu mubano, baramushingira intahe ko yakunda ibikorwa kandi agakorana ubwira n'ubwitonzi ubwo butumwa yari yashinzwe na Ekleziya.

Yahavuye aba icegera c'Umunyabigega w'Umuryango wa Bene Mariya aha i NGOZI, ariko ntiyabitevyemwo yaciye amugara agasigara atunzwe n'igisabisho yivugana, ico yavugana n'abandi mu mubano no muri Ekleziya iyo vyaramutse bimukundiye, kandi yaracigorera cane mu magara make yiwe.

Mu gihe yari akitswe n'amagara, Mama Anjela GIHUGUNIBENGA ntiyigeze yumva ko yoba ari wenyene. Yarakunda gusoma Inyigisho z'Ekleziya, Inyandiko canke Amakete ya Papa. Akama akurikirana ibivugwa canke ivyanditswe mu Kinyamakuru Ndongozi kandi agasangiza bandi ivyo yasomye kuko ngo yabona ko bo bataronka umwanya wo kubikurikirana kubera umwitwarariko w'ubutumwa baba bashinzwe.

Mama anje-la GIHUGUNIBENGA yari umubikira yitonda, mu magara make yiwe, ntaho

yigeze ashaka kuremeza abandi indwara yiwe, ivyo ashobora vyose yaravyikorera.

Kubera ko yaba mu mubano wegereye isengero Mvyeyi « Cathédrale » Ngozi, Mama Anjela ahoa yaba yibereye, yarumviriza inkuka y'imisa, yumvise Patiri ashitse kw'Ikonsekurasiyo, ngo nawe yaca yihereza Imana mu gasabisho kavuye ku mutima akaninahaza Imana.

Ivyamuranze :

Mama Angela, ivyo bamushinze vyose yaravyitwararika cane, akabikora n'umutima wiwe wose. Yakunda ibintu bitonze neza akaba umunyesuku.

Mu mubano n'abandi yashima ko ibintu biba ku murongo, agahimiriza abandi gukora ibibereye, kandi ntiyatinya kuvuga ijambo ryo gukosora ibitagorotse.

Yarakundana ariko ntiyihambiririra ku bantu no ku bintu. Yari mu muhari w'abafokolari, ni wo wamufashije kurera abana bo mu muryango avukamwo mu gihe c'amagume.

Kubera umutima wiwe wagutse, ivyo aronse yarabisangiza n'abandi bagowe.

Imana n'imuronse urugori rumubeyere nk'incoreke yayo.

Mama Gemma Ndiminsi
Mwene Mariya

Amategeko y'akazi akwiye gukurikizwa no mu mashirahamwe yo gucungera abantu n'ibintu

Ku wa 24 Ruhuhuma 2023 i Bujumbura, ihuriro SYTRASOBU ry'abakozi bo mw'ishirahamwe PSG ricungera abantu n'ibintu ryarahuye mu nama kaminuza igira gatatu kuva iryo huriro ribayeho. Abaryitavye bararimbuye ibimaze gukorwa mu kiringo c'imyaka 11 bamaze, bigira n'inama y'ihangiro ryo mu myaka ikurikira.

Ndayishimiye Désiré arongoye iryo huriro atangura kwibutsa ko abakozi bacungera abantu n'ibintu baciye mu bihe bidasanzwe aho agateka kabo kariko karahonyangwa bidasanzwe.

Ati: «Aha twovugaga nk'ihonyangwa ry'amategeko agenga abakozi n'akazi, kutaziganirizwa mu kigega gitegekaniriza kazoza abakozi (INSS), kudahabwa akaruhuko ko kumwaka gategekanywa n'igitabu c'ama-

tegeko agenga abakozi n'akazi, kudahabwa ibikoresho bikwiye kandi bijanye n'akazi ko gucungera abantu n'ibintu, amasaha y'akazi atubahirizwa n'ibindi.»

Intambwe irahari muri ico gisata

Désiré Ndayishimiye aremenga ko kuva iryo huriro ribayeho hari vyinshi bimaze gukorwa. Akamo k'abakozi bakora mu gisata co gucungera abantu n'ibintu ngokarumviwe. Aho rero akengurukira Reta y'Uburundi, yo, ibicishije ku bushikiranganje bw'abakozi n'akazi itahengeshanije kwerekana ishaka mu gutatuta amatati abakozi b'ishirahamwe PSG bafitaniye n'umukoresha wabo kuva ayo matati ashitse mu bushikiran-ganji bw'ubutungane.

Désiré Ndayishimiye a-garuka kandi kw'ijambo ryo ku wa 18 Nzero



Bamwe mu bakozi bo mw'ishirahamwe PSG bari bitavye iryo hwaniro.

2023 ry'umushikiranganji w'abakozi n'akazi ari kumwe n'uwo ubudandaji, aho, mu kiganiro co kwakira ibibazo vy'abenegihugu, yavugaga ko gukoresha umukozi ntumurihire INSS, ntunamuhembe uko bisabwa n'amategeko ugasanganta n'amasezerano y'akazi bafise ko ivyo bihanwa n'amategeko.

Amajambo nkayo yarashikirijwe kandi n'umushikiran-ganji w'intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano mu rugendo uwo mushikiran-ganji yagize mu Rumonge muri nzero 2023. Yerekeje ku mashirahamwe yo gucungera abantu n'ibintu, uwo mushikiran-ganji yayasavye guhindura uko afata abakozi, ko bitabaye uko naho aca ahagarikwa kandi ko Reta idashobora kwemera ko haba abitwara nk'abakoroni mu gutungira ku bandi. Ayo mashirahamwe ngo yoreka kununura no gutuntuza imitima y'abenegihugu.

Uwo mukuru w'ihuriro SYTRASOBU yasavye abakozi ba PSG gukora

bisunga amategeko y'ishirahamwe PSG bayasome bayatahure ndetse n'ayigihugu c'Uburundi cane cane ayagenga abakozi n'akazi kandi bamenyere gusaba ivyo bakeneye bakoresheje inyandiko.

Ivyo ni navyo vyashikirijwe na Sebastien Ndayavugwa, umukuru w'urunani rw'amahuriro y'abakozi bacungera ibintu n'abantu. Ku bwa Sebastien, umukozi adasoma igitabu c'amategeko agenga abakozi n'akazi n'aho yorenganywa ntabimenya.

Vyongeyeye, ayo mategeko nyene aravugaga ikiringo ntarengwa co kwitura ubutungane. Ni mu ngingo y'i 179. Sebastien asaba ko iyo ngingo abakozi bo mu gisata co gucungera abantu n'ibintu boyamiza ku mutima kuko akenshi ngo baja kwitura ubutungane ata co bagikiza.

Tubamenyeshe ko ishirahamwe PSG ryari ryarungitse intumwa yaryo muri iyo nama y'ihuriro ry'abakozi ba PSG ariko iyo ntumwa ntiyashimye kugira ico ivuze.



Ndayishimiye Désiré, arongoye Syndicat SYTRASOBU ihurikiyemwo abakozi bo mw'ishirahamwe PSG ricungera abantu n'ibintu

Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorerero

(Bitangurira ku rup.1)

mu Burundi, twese turi ubwoko bumwe.

16. Mu nyuma harabaye uguhemuka mu ndongozi z'abarundi b'inda ndende, maze baguma mu nzira y'amacakubiri. Mvuze indongozi kuko nta mwenegihugu agira amacakubiri kuko ntaho yokumirira uwundi. Umwe wese ataha iwe, arima iwe agaca igitoki iwe kandi akakigana mu mwidegemvyo.

Abenegihugu barondera umutware umwe wese kubimwerekeye, ntawukumira uwundi ngo ntabone indongozi. Indongozi ni zo zigira amacakubiri mukugira nkunzi na nyagupfa, mu-kugira umwana n'ikinono.

17. Indongozi rero zimaze kwizizirwa n'umutima wo kudakunda igihugu, nizo zacye zikwega n'umudugararo mu gihugu; umwe agashaka gukwegakwega abiwe ngo batere abuwundi. Ni aho havuye imigwi ikubana mu gihugu.

Nagira ndabamenyeshe ko naho indongozi gito zacyemwo imigwi, jewe ndazi ko ata muhutu yanka umututsi ngo ni uko ari umututsi, ata mututsi yanka umuhutu amuhora ubuhutu; co kimwe no kuruhande rw'abatwa.

Urwanko muzobona ruterwa n'indongozi zishaka guhimbaza aba, zigatuntuzza bariya, abakumiriwe n'izo ndongozi

bakababazwa n'uko hari umugwi uriko urya itunga rusangi abanda barorera.

18. Uyu musu umutu yokwibaza igituma abarundi bashitse ku masezerano y'ubumwe bw'abarundi, hadaciye n'umwanya urume rumara, ubumwe bugaca buhungabana.

Ehe namwe raba! Amasezerano yatowe muri ruhuhuma 1991; ariko muri munyonyo uwo mwaka nyene, ubwicanyiyi bufatiye kuri ya migwi bwaciye busubira, kandi ata myaka itatu yari bwahere ubwicanyiyi bw'agahomerabunwa bubaye muri komine za Ntega na Marangara.

Bukeye kabiri, mu 1993 naho nyene vyabaye irango kuko abarundi bamaze imyaka icumi bicana hagati yabo. Igihugu cose turagisambagura.

19. Abarundi twari twamaze gutegera akamaro k'ubumwe mu bonse rimwe, igihe twitorera amasezerano yabwo yo ku wa 5 Ruhuhuma 1991.

Ariko tubiravuye neza, twokwemeza ko indongozi zayashigikiye nk'urugoto kuko ni zo nyene zacye ziyarengako.

Ni co gituma, naho twacyiye tuyahonyanga, yoyo ntaho yaroye, uyu musu ni umwanya wo kwigira inama kugira ducire imoso, ntibigasubire.

Ivyo rero bidusaba gukubita agatima mpembero

kuvywo twiyemeje muri ayo masezerano. Kandi ntihagire uwigira sindabibazwa ngo sinari bwavuke canke ngo sinari bwagere gutora.

Ayo masezerano aturaba twese kuko mu ngingo isozera ayo masezerano zivuga ko "Aya masezerano ni indahiro ntarengwa. Abarundi twese tuyashingiye intahe kugira ngo dutsimbataze ubumwe bwacu. Twemeye icese kuzokwama tuyubaha, tuyubahiriza kandi tuyagwanira.

Umurundi uwo ari we wese, yaba uwuriho canke uwuzovuka azoyarengako, kiretse ko azohanwa n'amategeko, azoba ahemukiye Uburundi n'abarundi bose".

20. Umusi wa gatanu ruhuhuma rero si uw'ibirori gusa, ni umusi uduha akaryo ko gukabura, utwibutsa uruhara n'uburemere ntasubirizwa bw'ubumwe twarazwe na basokuru, maze tukabona kwisuzuma no kwinegura aho twatsitaye tukarwa, kugira ngo ntiduhereye ahubwo twivyukiranye, tuvuyeye twibuka ko turi bamwe, dusangiye impetso imwe ari bwo Burundi.

Barundi, Barundikazi, Bagenzi b'Uburundi;

21. None rero twisuzume, dusubize agatima imibembero, duheze twigire inama.

Uyu mwaka duhimbaje uwu musu mukuru ku

civugo kivuga ngo: "Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye: Tubere abandi akarorerero".

Dushimikiye ku ndongozi kubera ko twabonye neza, nkuko nabivuze, ko atamwenegehugu ukwiye agira amacakubiri. None wewe umuntu womukumira ngo umukure he, umushire hehe?

Twafashe ico civugo kuko, twarabibonye muri kahise, mu mabi yagiye arashikira igihugu cacu ubumwe bugahungabana, ivyo kenshi bikaba vyava ku burongozi bubi bwacanishamwo abonse rimwe mukubankisha abandi no kubakumira, kubera gucambirwa ivyicarwo.

22. Indongozi ibereye, itegerezwa kugira akarangamutima k'ibanga n'ibango, igaharanira inyungu z'igihugu ijejwe kurongora. Mvuze igihugu nshaka kuvuga abantu bakigize.

Ni indongozi ishobora kwihebera abandi ikabitangira, ikemera guheba inyungu zayo kugira ngo abo ijejwe bamererwe neza. Indongozi mu gihugu yigenza nk'umuvyeyi mwiza mu muryango.

23. Uwugendera iryobananga n'akarangamutima k'indongozi nziza, ategerezwa kwibaza ati: Mbega iri hanga nashizwe imbere kugira ngo ndariyobore ndiko ndarijana he?

Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorero

(Bitangurira ku rup.8)

Ndarimariye iki? Inzira itazigira ka-ndi itazimiza noricana-mwo yoba iyihe?

Inyishu nziza kandi itomoye y'ivyo bibazo iboneka mu gihe ufitiye urukundo igihugu cawe, abo ujejwe, ukabegera ukamenya ingorane bafise, ivyipfuzo vyabo n'iryo bagona.

None ivyo urabikora ga wa ndongozi we!

Uri indongozi y'ukuri, iharanira ubumwe bw'abo ajejwe, ntiwicara mu biro ngo urindire ivyegeranyo abahanuzi baguha gusa, kuko kenshi usanga harimwo ab'amacandya, abanka igihugu n'abasavyi bakubeshya.

Utegerezwa kugendera abo ujejwe mu kibonanira amaso mu yandi, bakakubwira iryo bagona.

24. Kuba indongozi ni umuhamagaru kandi ni Imana yo nyene ikwitore-ra ikagena ivyo uzoyikorera mu bantu. Kandi umwe wese azotanga icegeranyo c'ivyo yakoze. Wewe rero uri indongozi, Imana yaguhaye vyishi izokubaza vyishi.

Emera rero kuba ndayahundwa, ntuhunge canke ngo uzibukire ibibazo vy'abenegihugu, wemere uruhe, urazwe ishingana no kubona ihanga washinzwe ritunganiwe.

Iyo rero indongozi ikunze abo irongoye, bigira ingaruka nziza kuri yo

kuko na bo barayikunda, bakayigamburukira; ikiyago c'imigambi kikaba umunoni, maze bagasenyerera ku mugozi umwe, na kare ngo: "Abadasezeranye ntibajana".

25. Indongozi ihagararira amategeko, imico n'imigenzo y'igihugu, ikubahiriza kutarenga ku muziro, ikagendera Ubuntu mu kubiba ubumwe n'urukundo mu bantu.

Kurya k'umwungere aragira ubusho bwiwe ahandatamba canke ku munga, ni ko n'indongozi itegerezwa kwegeranya abo irongoye mu muhora umwe, kugira ngo bumve ko bari mu ruhongore rumwe.

Itegerezwa kandi kwicisha bugufi, ikumviriza impanuro, ikamenya ko n'abandi bafise umuhamagaru; ikamenya ko aho iri higeze abandi, kandi ko n'abandi bafise n'ejo hazoba hari abandi.

26. Kubera imitima mibi yinjijye mu Barundi, benshi bazi ko kugira uburunganzira bungana mu gihugu ari uko uhabwa icicaro mu burungozi, kubera ko uburungozi babufashe nk'ubuzima.

27. Ivyo ndabivuze kuko hariho abumva ko kugira uvuge ko ata macakubiri ari mu gihugu bese bategerezwa kuba indongozi.

Abibaza uko nibo iyo ba-

hashitse baca babona ko bahawe n'ubwoko, intara canke igitsina.

Indongozi yomenya ko ari uwambere, yashizwe imbere ariko angana n'abandi benegihugu mu bijanye n'ubuzima bw'umuntu.

Barundi benewacu, Neuti z' Uburundi;

28. Itituka ry'imigenzorumuntu n'ingeso nziza mu ndongozi vyaratumye ubumwe bw'abarundi butosekara, bivuye ku kutavugana ukuri, agatima ko kwikunda no gukumira abandi, kugendera ku mabwire y'abansi, n'ibindi. Ivyo vyatumye zidasubira kuba inkingi n'inkinzo vyubakiweko ubumwe bw'abarundi, ziba inyanduruko z'ivyago vyashi-kiye igihugu cacu.

29. None rero tumenye imitego twaguyemwo kugira ngo twubake uburundi bushasha, buzira amacakubiri.

Umutego wambere wabaye kwankishwa igihugu niyo nyanduruko ya vyose.

Abarundi bamaze kwamuburwa akarangamutima k'abarundi bakambikwa ubwoko, igihugu bacye bacibagira. Indongozi nazo zamukuka muri abo Barundi, zigakurana ico gicumuro c'inyanduruko: Kwitwa ubwoko aho kwitwa umurundi.

Tubanze imbere ya vyose dutegere neza ko abaru-

ndi twese dufise ubwoko bumwe, ubwoko bw'abarundi, bavuga ikirundi basangiye ingovyi yaduhetse twese ari yo Burundi.

30. Umaze kwanka igihugu, ntushobora kugikorera. Ahubwo uragifutanya, ukakinyaga n'utwo cari gifise. Ni ico catumye indongozi ziti-twarike iterambere ry'igihugu, ntizagira n'umutima wo kucubaka.

Ndetse twese abarundi murabona inyifato yacu, no gushariza igihugu biratunanira kubera umuntu ashariza ico akunda agasiga ico ziyumvamwo.

Kwanka kugirira isuku igihugu, kwanka kugiteramwo amashurwe burya vyerekana akari ku mutima. Gusikura inzu yawe, ugashiramwo amabara meza ariko imbere y'inzu yawe ntuhasharize ngo ahashire amatara, ngo asibure imiserege ayikuremwo umwawu vyerekana agatima ko kudashaka ko abanda banezerwa baha-geze.

Kwanka gukorera igihugu ngo ugitungishe, vyerekana umutima wo kwankiriza abanda ngo bohava bungukira kubikorwa vyawe.

Biracaza

Ndongozi y'Uburundi

Uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe

Umukenyezi iyo yakoze icaha, co kimwe n'uwundi muntu wese, arashobora gupfungwa mu gihe c'amatohoza canke urubanza rwamaze kuba ntabanduka mu gihe yahanishijwe igihano co gupfungwa.

Ariko rero naho umuntu aba apfunzwe aguma afise uburenganzira bwo kwumvirizwa na sentare ibifitiye ububasha, kurondera umushingwamanza, gupfungirwa mu kibanza cagenewe abakenyezi, gufatwa runtu, n'ibindi.

Abakenyezi bari mu mirwiidasanzwey'abapfungwa amategeko yitayeho gukingira bivanye n'uko bamerewe, amagara yabo, ibihe baba barimwo (bibungenze canke bonsa).

Uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu ategukanya ubwo burenganzira

Uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu atandukanye. Hari uburenganzira basangiye n'iyindi mirwi y'abapfungwa n'ubwo bisangije.

Tuja kwisunga:

* ingingo z'ishirahamwe mpuzamakungu ONU zijanye n'ingene abapfunzwe bafatwa,

* itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu,

* amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no muri poritike,

* amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abene-gihugu

* hamwe n'amasezerano yerekeye uburenganzira bw'abakenyezi yunganira amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abene-gihugu.

a) Mu ngingo z'ishirahamwe mpuzamakungu

ONU zijanye n'ingene abapfunzwe bafatwa

Iya 23 mu gace ka mbere, ivuga ko, amabohero yagenewe abakenyezi, ategerezwa kuba yubatsese ku buryo abakenyezi bibungenze n'abaheruka kwibaruka boroherezwa. Ubuyobozi bw'ibohero butegerezwa gukora uko bushoboye kugira uwugeze kwibaruka ajanwe mu bitaro bitari ivy'ibohero.

b) Mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu. Ingingo ya 6 ivuga ko umuntu wese ategerezwa kwubahwa akubahirizwa aho ari hose.

Bisigura ko umuntu n'aho aba apfunzwe, aguma afise uburenganzira bwo gufatwa runtu kandi akubahirizwa mu gatega kiwe. Umukenyezi apfunzwe na we nyene aragumana ubu burenganzira.

c) Mu masezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vyabo no mu vyerekeye politike

Ingingo y'10, mu gace kayo ka mbere, ivuga ko umuntu wese apfunzwe aba afise uburenganzira bwo gufatwa runtu kandi agahabwa agateka karanga zina muntu wese.

Ubu burenganzira ni ubw'umuntu wese apfunzwe ata n'umwe avuye mwo. Bisigura ko n'umukenyezi ubu burenganzira bumwerekeye.

d) Mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abene-gihugu

Umuntu wese yiketswe ko icaha arashobora gupfungwa mu gihe c'amatohoza kandi naho nyene aguma afise ivyo arekurirwa n'amategeko. Aha twovuga nko kurondera umushingwamanza amufasha kuburana kandi akaronswa n'akaryo k'ukwiregura kuri ivyo vyose yagirizwa.

Nk'ingingo y'7 ivuga ko "uwo wese apfunzwe urubanza rutaracika arekurirwa kwiregura no kurondera umushingwamanza amuburanira kandi agacirwa urubanza mu gihe giciriye hagufi".

Ingingo y'8 na yo ivuga ko "umuntu wese afise umwidgegemvyo mu vyiyumviro, mu gutora umwuga ashatse n'ugukurikira idini ashatse mu yari mw'ibohe-ro".

Ubu burenganzira butegekanijwe mu ngingo y'7 n'iy'8 bwerekeye abo bose bapfunzwe urubanza rutaracika n'umukenyezi adasigaye inyuma.

e) Mu masezerano yerekeye uburenganzira bw'abakenyezi yunganira amasezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abene-gihugu

Ingingo ya 12 mu gace ka mbere ku rudome c) irategukanya ko umukenyezi n'umwigeme bategerezwa gukingirwa



Uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe

(Bitangurira ku rup.10)

aho bari hose hatibagiwe no mu mabohero, icaha co gusambanywa.

Ingingo ya 24 ivuga, mu gace kayo ka 2, ko abagore bibungenze canke

kenyezi bapfunzwe butegakanijwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi atandukanye.

Tuja kw'isunga :

* ibiri mw'Ibwirizwa Shingiro

“abantu bose bapfunzwe bategerezwa gukingirwa ico cose cobasinzikariza ubuzima bari mw'ibohero canke cobatesha agaciro runtu mw'ibohero”.

Iyi ngingo irerekana ko umuntu wese afise ubu-

sangije. Abo na bo ni abakenyezi, abana bakoze ivyaha canke bavyikekwa ko, abageze mu zabukuru n'abafise ubumuga bwo mu mutwe”.

Ingingo ya 46 ivuga ko “abakenyezi bapfunzwe bategerezwa gukingirwa gukoreshwa ibikorwa birengeye inguvu zabo canke ibibatesha Ubuntu”.

Ingingo ya 47 ivuga ko “abakenyezi bibungenze n'abonsa bari mw'ibohero bategerezwa koroherezwa hisunzwe uwo mugwi barimwo kandi bategerezwa kumenyeshwa uburenganzira bwabo n'ubw'abana babo hamwe n'ivyo bategerezwa gukora nk'abavyeyi”.

Mu gusozero, twagira twibukanyeko abakenyezi bapfunzwe bagumana uburenganzira naho bataba bidegemvya.

Bategerezwa gukingirwa ivyo vyose vyoza bibasinzikariza ubuzima kandi bakaguma bafatwa runtu mu buryo bwubahiriza agateka kabo.

Hambavu y'uburenganzira bahurirako n'abandi bapfungwa, abakenyezi bari mu murwi udasanze w'abapfungwa. Abakenyezi bibungenze n'abonsa bategerezwa kuronswa akarusho mu bifungurwa kugira amagara yabo ntamererwe nabi kandi bategerezwa gutandukanywa n'abagabo mu nzu z'ibohero.

Ikigo ca leta kijewe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»



bonsa bapfunzwe, bategerezwa gukingirwa no kuronswa uburyo bujanye n'ibihe baba barimwo kandi bakubahirizwa mu gateka kabo.

Nk'uko duhejeje kubibona, amategeko mpuzamakungu arategakanya uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe. N'amategeko y'igihugu c'Uburundi ni uko nyene.

2. Ingene amategeko y'Uburundi ategakanywa ubwo burenganzira

Uburenganzira bw'abakenyezi bapfunzwe buri mu mirwi ibiri: hari ubwo basangiye n'abandi bapfungwa bose hamwe n'ubwo bisangiye nk'abakenyezi. Uburenganzira bw'aba-

* hamwe n'ibiri mw'itegeko n°1/24 ryo kuwa 14 kigarama 2017 risubiramwo itunganywa ry'amabohero mu Burundi.

a) Mw'Ibwirizwa Shingiro

Ingingo ya 19 y'Ibwirizwa Shingiro irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwashizeko umukono.

b) Mw'itegeko n°1/24 ryo kuwa 14 kigarama 2017 risubiramwo itunganywa ry'amabohero mu Burundi

Iri tegeko ritunganya amabohero rirategakanya mu ngingo ya 3 ivuga ko

renganzira bwo gukingirwa ico cose comusinzikariza ubuzima mu gihe ari mw'ibohero.

Ubu burenganzira n'umukenyenzi apfunzwe buramwerekeye.

Ingingo y'7 ivuga ko “mu gihe inyubakwa ziri mw'ibohera zidashobora kwakira umugwi umwumwe w'abapfungwa ukwawo, uburongozi bw'ibohero buragerageza, bwisunze inyubakwa zihasanze, gutandukanywa abagore n'abagabo, abana n'abakuze canke ibindi vyofatirwako kugira imbohe itandukanywe n'izindi”.

Ingingo ya 45 ivuga ko “imigwi imwe imwe y'abapfungwa itegerezwa gufatwa mu buryo yi-

Prezida Evariste Ndayishimiye, umugenzi w'urwaruka mu Burundi no muri Afrika

Ku wa 18 Ruhuhuma na 19 Ruhuhuma 2023 ku murwa mukuru w'igihugu ca Ethiopie « Addis Abeba » hari haramutse habera inama igira 36 y'abakuru bibihugu n'ama Reta bigize umuryango w'ibihugu vyunze ubumwe bw'Afrika ; na Nyenicubahiro Evariste Ndayishimiye Umukuru w'igihugu c'Uburundi akaba yari yitavye iyo nama.

Iyo nama yari ishimikiye kukungene bonyarutsa gushira mu ngiro umugambi wo guhanahana ibidandazwa mu bihugu vyo ku mugabane wa Afrika «ZLECAF»; batabagiye n'ikibazo c'umutekano ukenewe mu bihugu bimwe bimwe nka Congo.

Mw'ijambo Umukuru ajejwe igisata c'ibihugu bigize Ubumwe bwa Afrika Nyenicubahiro Moussa Faki Mahamat yashikirije ryo kugurura iyo nama, yamenyesheje abakuru b'ibihugu na ma Reta ko ico gikorwa co guhanahana ibindandazwa kizoranguka neza mu gihe abakuru b'ibihugu bagize uwo mugambi rwabo umwe wese aho aherereye ; bakareka uruja n'uruza rw'abantu mu gihugu.

Akaba kandi yarabamenyesheje ko anezerewe n'umugambi wuko ibihugu bigize ubumwe bwa Afrika bwemerewe kwinjira muri G20, bikabaha umwizero ko ukwo kwemererwa kuzotuma

ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika rigira ico riterereye ku nyishu z'ingorane zihanze isi.

Uburundi bwoba bwungutse iki muri iyo nama igira 36 y'ibihugu vyunze Ubumwe bw'Afrika?

Muri iyo nama, Nyenicubahiro umukuru w'igihugu cacu yaratewe amateka yo kuba mu rwego

Guterres, umushikiran-ganji ca mbere wa Ethiopiya, umukuru w'igihugu wa Somaliya n'uwurongoye ibanki y'isi yose mu karere ka Afrika y'ubuseruko, aho baganiriye ku kibazo kijanye n'inyungu basangiye n'Uburundi.

Ku wa 20 Ruhuhuma 2023 niho yaganuka ava muri urwo rugendo yari yagize i Addis Abeba. Yakiriwe ku kibuga c'in-

yashikirije ijambo aserukira urundi rwaruka ryo gukeza umukuru w'igihugu cacu. Thierry Ingabire ati : « ni uburyo nyabwo bw'uko urwaruka rw'Uburundi rugiyeye kubera akarorero urundi rwaruka muri Afrika mu gukora ibikorwa vy'iterambere». Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu cacu ace aba « Umugenzi w'urwaruka » ku mugabane wa Afrika.

Ni kuki Evariste Ndayishimiye yitwa «Umugenzi w'urwaruka» ?

Nyenicubahiro umukuru w'igihugu c'Uburundi yarafashe intumbero yo kwiyegereza urwaruka kugira aruteze imbere rushobore kwikorera imigambi y'iterambere , ngo ruvavanure no gukoresha inguvu zarwo mu birusambura bigasambura n'igihugu.

Ivyo yabikoze mu guha kenshi ibiganiro urwaruka, akumviriza ingorane zarwo, ugushinga ibanki y'urwaruka kugira runonke aho rubika amafaranga naho rusaba ingurane yo kwiteza imbere, umugambi « PAEEJ » ufise intumbero yo gufasha Reta mu mugambi wayo wo gufasha urwaruka ngo rushobore kwironkera ico rukora ndetse no gukoresha urundi rwaruka ngo rwiteze imbere rwongere ruteze imbere igihugu.

MSV M Goreth Ndikumana



rurongoye ubumwe bwa Afrika nk'icegera ca gatatu, gurtyo agaserukira akarere ka Afrika yo hatyari.

Iyo nama yaragenye Nyenicubahiro Evariste Ndayishimiye nk'imboneza yo guteza imbere umugambi ujejwe urwaruka, amahoro n'umutekano muri Afrika. Iyo nama yaremeje ko inama y'urwaruka rwo ku mugabane wa Afrika izokurikira izobera i Bujumbura.

Iyo nama kandi ikaba yararahaye akaryo Umukuru w'igihugu cacu ko guhura n'abandi benicubahiro nk'umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe mpuzamakungu Antonio

dege n'abantu benshi bari baje ku mukeza kuri ayo mateka yari yatewe muri iyo nama. Abenshi bakaba bari urwaruka.

Mu kiganiro yahaye abanditsi n'abamenyeshamakuru, yasavye abarundi bose ko bokengurukira Imana kuri uko kwizigirwa k'Uburundi bwacu muri iyo nama. Asaba abarundi bose ko bokura amaboko mu mpuzu bagakora cane kugira baronke ivyo baddandariza kuri iyo soko mpuzamakungu yo muri Afrika.

Uwuserukira urwaruka mu burundi Ingabire Thierry ntiyari yatanze kuza gusanganira Umukuru w'igihugu aho